INSTITUTE OF CIVILIZATION
ANO EDUCATIONAL ORGANIZATION

ИНСТИТУТ ЦИВИЛИЗАЦИИ
АВТОНОМНАЯ НЕКОММЕРЧЕСКАЯ
ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ОРГАНИЗАЦИЯ

362003, Российская Федерация, Республика Северная Осетия-Алания, г. Владикавказ, ул. Гастелло, 79
тел./факс: (8672) 52-82-70; e-mail: inci2001@inci.ru; сайт: www.inci.ru

РАССМОТРЕН
Методическим
Объединением
учителей
_________Рамонова Ф.Г.
Протокол №1
от «30» 08 2023г.

СОГЛАСОВАНО
Заместитель
Директора по УР
_________
Бизюкина Т.А.
« 31» 08 2023 г.

УТВЕРЖДЕНО
Директор
_________
Касаева Э.Е.
Приказ №34 от
«31» 08 2023 г.

# Программа и календарно-тематическое планирование по осетинскому языку

для обучающихся 8 класса

Учитель: *Рамонова Алина Владимировна*

2023-2024 учебный год

Владикавказ, 2023 год

## Ахуырадон программæ ирон æвзагæй 10-æм къласы

*Предметы актуалондзинад*

Æвзаг у адœмы уд œмœ зонд: цалынмœ œвзаг цœра, уœдмœ цœрынц адœм дœр, рœзы œмœ фидар кœны сœ национ культурœ, сœ национ хиœмбарынад.

**Ирон æвзаг** у нæ республикæйы паддзахадон æвзæгтæй иу, ирон адæмы мадæлон æвзаг. Куыд уырыссаг, афтæ ирон æвзаг дæр у **филологон циклы** иу хай æмæ рæзын кæны скъоладзауы коммуникативон культурæ, æххуыс ын кæны йæ ныхасы рæзтæн, уæрæх ын кæны йæ дунембарынад, хъомыл æй кæны нæ адæмы хуыздæр традицитæ æмæ æгъдæуттыл. Ирон œвзаг ахуыр кœнын, уымœй, куыд œмбœлы, афтœ пайда кœнын у стыр ахъаз фœсивœды патриотизмыл хъомыл кœнын, фидœны œхсœнад аразджытœ цœттœ кœныны хъуыддаджы. Мадœлон œвзаг зонын у нœ культурœйы ахсджиагдœр фœрœзтœй иу.

***Ирон œвзаг ахуыр кœныны нысантœ:***

- ахуырдзаутæн æвзаджы тыххæй иумæйаг зонындзинæдтæ раттын; бацамонын, алы адæмæн дæр йе æвзаг йæ национ хæзна кæй у, хъахъхъæнын æй кæй хъæуы;

-ахуырдзауты дзырдуат æмæ грамматикон зонындзинæдтæ фæхъæздыгдæр кæныныл бакусын;

-дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл бакусын, скъоладзауты коммуникативон арæхстдзинæдтæ æмæ зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр кæнын;

-литературон æвзаджы нормæтимæ базонгæ кæнын, ныхасы уавæртæм гæсгæ сæ раст пайда кæныныл ахуыр кæнын.

***Ирон œвзаджы 8 къласы ахуырадон программœ арœзт у:***

- Уæрæсейы Федерацийы закъон «Ахуырады тыххæй»;
- Ног ахуырадон стандарттæ;
- Цæгат Ирыстон-Аланийы модернизацийы комплексон проект;
- Ирон национ ахуырады концепци ;
- Приоритетон национ проект «Нæ ног скъола»;
- Республикон программæ «Ирон æвзаг æмæ литературæ 1-11 кълæстæн»; йæ автортœ: **Тахъазты Харум, Дзампарты Ларисœ, Дзодзыккаты Зœидœ, Цопанты Ритœ**. Программœ сфидар кодта Республикœ Цœгат Ирыстоны – Аланийы Иумœйаг œмœ профессионалон ахуырады министрад.

-«Ирон æвзаджы чиныг» 8 къалс - автор: **Тахъазты Харум.** Дзæуджыхъæу. 2016.

Регианалон базисон ахуырадон пъланмæ гæсгæ ирон æвзаг ахуыр кæнынæн 8 къласы дих гонд **68 сахаты** афæдзмæ, къуыримæ та - **2** сахаты.

***Предметы актуалондзинад***

Æвзаг у адœмы уд œмœ зонд: цалынмœ œвзаг цœра, уœдмœ цœрынц адœм дœр, рœзы œмœ фидар кœны сœ национ культурœ, сœ национ хиœмбарынад. Уымœн ауыдынц ирон œвзагыл нœ дзыллœтœ œмœ уымœн домынц, цœмœй мадœлон œвзаджы кад нœ адœмы œхсœн бœрзонддœр ист œрцœуа, цœхгœр фœхуыздœр уа йœ ахуыр кœныны хъуыддаг. Уыцы хœстœ œххœст кœны скъола.

Ирон æвзаг у нæ республикæйы паддзахадон æвзæгтæй иу, ирон адæмы мадæлон æвзаг. Куыд уырыссаг, афтæ ирон æвзаг дæр у **филологон циклы** иу хай æмæ рæзын кæны скъоладзауы коммуникативон культурæ, æхxуыс ын кæны йæ ныхасы рæзтæн, уæрæх ын кæны йæ дунембарынад, хъомыл æй кæны нæ адæмы хуыздæр традицитæ æмæ æгъдæуттыл. Ирон œвзаг ахуыр кœнын, уымœй, куыд œмбœлы, афтœ пайда кœнын у стыр ахъаз фœсивœды патриотизмыл хъомыл кœнын, фидœны œхсœнад аразджытœ цœттœ кœныны хъуыддаджы. Мадœлон œвзаг зонын у нœ культурœйы ахсджиагдœр фœрœзтœй иу.

***Ирон œвзаг ахуыр кœныны нысантœ:***

- ахуырдзаутæн æвзаджы тыххæй иумæйаг зонындзинæдтæ раттын; бацамонын, алы адæмæн дæр йе æвзаг йæ национ хæзна кæй у, хъахъхъæнын æй кæй хъæуы;

-ахуырдзауты дзырдуат æмæ грамматикон зонындзинæдтæ фæхъæздыгдæр кæнынил бакусын;

-дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл бакусын, скъоладзауты коммуникативон арæхстдзинæдтæ æмæ зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр кæнын;

-литературон æвзаджы нормæтимæ базонгæ кæнын, ныхасы уавæртæм гæсгæ сæ раст пайда кæнынил ахуыр кæнын.

Стандартты домæнтæм гæсгæ арæзт программæтæ æмæ ахуыртæ «филологи»-йæ арæзт у ахæм уагыл.

*Мадœлон œвзаг*:

1) ныхасы хуызтæй (хъусын, кæсын, дзурын, фыссын) арæхстджындæрæй пайда кæнынил куыстмæ,

2) æвзаджы ахадындзинад адæймаджы интеллектуалон æмæ сфæлдыстадон рæзты, ахуыры æмæ хиуыл куысты бацамонынмæ (бамбарын кæнынмæ);

3) мадæлон æвзаджы коммуникативон-эстетикон гæнæнтæй пайда кæнынмæ арæхсын;

4) æвзаджы тыххæй наукон æмæ системон зонындзинæдтæ раттынмæ; æвзаджы хæйтты æмæ иуæгты бастдзинад бацамонынмæ; лингвистикæйы бындурон æмбарынæдтæ, æвзаджы иуæгты æмæ сæйрагдæр грамматикон категоритæ базонынмæ;

5) дзырды алыхуызон æвзæрстытæ (фонетикон, морфемон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион) дзырдбæстыты æмæ хъуыдыйæдты синтаксисон анализ, тексты иумæйаг æвзæрст бацамонынмæ, пайда сæ кæнынмæ;

6) дзырдуат хъæздыг кæныныл куыстмæ; ныхасы уавæр æмæ стильмæ гæсгæ, хъæугæ грамматикон мадзæлттæй раст пайда кæнгæйæ, хи хъуыдытæ æргом кæныныл куыстмæ;

7) æвзаджы сæйрагдæр стилистикон æмæ лексикон-фразеологион фæрæзтæй, литературон æвзаджы нормæтæй (орфоэпион, лексикон, грамматикон, орфографион, пунктуацион), ныхасы этикетон нормæтæй пайда кæнынмæ арæхсын; дзургæ æмæ фысгæ ныхас аразгæйæ сæ пайда кæнын зонынмæ; хи ныхасы аивдзинад æмæ хъæздыгдзинадыл кусынмæ;

8) мадæлон æвзаг адæмы стырдæр хæзнатæй иу кæй у, уый æнкъарынмæ; æвзаджы сыгъдæгдзинад æмæ культурæмæ бæрнон цæстæй кæсынмæ.

***Программæмæ гæсгæ мадæлон æвзаг ахуыр кæныны фæстиуджытæ сты ахæмтæ:***

***Удгоймагон (личностные) фæстиуджытæ:***

1) скъоладзау хъуамæ бамбара, ирон æвзаг ирон адæмы национ-культурон хæзна кæй у, уый; мадæлон æвзаджы ахадындзинад стыр кæй у адæймаджы интеллектуалон æмæ сфæлдыстадон гæнæнтæ райрæзынæн, удварн хъæздыгдæр кæнынæн;

2) бамбарын ирон æвзаджы эстетикон нысаниуæг; рæзын кæнын мадæлон æвзагæн аргъ кæнын, хи æвзагæй сæрыстыр уæвыны æнкъарæнтæ; ирон æвзаг ирон адæмы стырдæр хæзнатæй иу кæй у, уый бамбарын; æвзаджы сыгъдæгдзинад æмæ культурæмæ бæрнон цæстæй кæсын фæцалх уæвын;

3) ныхас кæнгæйæ, ирон æвзаджы дзырдуат æмæ грамматикон мадзæлттæй раст пайда кæнын; хи ныхасмæ хъус дарын.

***Метапредметон фæстиуджытæ сты:***

• ныхасы хуызтӕй пайда кӕнынмӕ арӕхсын: хорз ӕмбарын дзургӕ ӕмӕ фысгӕ ныхасы мидис (ныхасы сӕр, тексты темӕ, сӕйраг хъуыды; сӕйраг ӕмӕ уӕлӕмхасӕн информаци);

• стилистикон ӕгъдауӕй ӕмӕ сӕ жанртӕм гӕсгӕ алыхуызон чи у, ахӕм текстты кӕсын зонын (ӕвзаргӕ каст, ӕмбаргӕ каст ӕмӕ ӕнд.);

• бакаст ӕрмӕгӕй (Интернетӕй, дзыллон информацион фӕрӕзтӕй, ахуырадон компакт-дисктӕй) хъӕугӕ информаци равзарын зонын, алыхуызон дзырдуӕттӕй пайда кӕнынмӕ арӕхсын;

• арӕхсын темӕмӕ гӕсгӕ ӕрмӕг сӕмбырд кӕнынмӕ, раст фӕткыл ӕй равӕрынмӕ; хибарӕй хъӕугӕ информаци ссарынмӕ;

• алыхуызон текстты мидис кӕрӕдзиуыл барын, сӕ стилистикон ӕмӕ ӕвзаджы хицӕндзинӕдтӕ иртасын;

• текст хи ныхӕстӕй радзурынмӕ, текстӕн пълан бацӕттӕ кӕнынмӕ, конспект ныффыссынмӕ, аннотаци бацӕттӕ кӕнынмӕ;

• ныхасы уавӕрмӕ гӕсгӕ аразын, сӕ функционалон хуызтӕ, стилистикон ахуырст ӕмӕ жанртӕм гӕсгӕ алыхуызон чи сты, ахӕм текстты;

• тексты арӕзтмӕ хъус даргӕйӕ, хи хъуыдытӕ фысгӕ ӕмӕ дзургӕ ныхасы хуызы ӕргом кӕнынмӕ;

• монологон ныхас (таурӕгъ, ӕрфыст, тӕрхон) аразынмӕ; диалогон ныхасӕй пайда кӕнынмӕ;

• хи ныхас аразын литературон ӕвзаджы орфоэпион, лексикон, грамматикон, стилистикон нормӕтӕм гӕсгӕ; фысгӕ ныхасы пайда кӕнын орфографион ӕмӕ пунктуацион ӕгъдӕуттӕй (нормӕтӕй);

• дзургӕйӕ ныхасы этикетон нормӕтӕм хъус дарын;

• ахуырты рӕстӕг хи ныхасы хъӕд ӕмӕ мидисмӕ хъус дарын зонын, хи ныхасы рӕдыдтытӕ раст кӕнынмӕ арӕхсын; хи арӕзт текстты редакци кӕнын зонын;

• ахуырты (урокты) рӕстӕг ӕмгӕртты 'хсӕн раныхас кӕнынмӕ арӕхсын; арӕхсын чысыл доклад кӕнӕ рефераты мидис раргом кӕнынмӕ; диспутты ӕмӕ быцӕуты архайын зонын, хи хъуыдыйы растдзинад бафидар кӕнынмӕ арӕхсын.

***Предметон фӕстиуджытӕ сты:***

1) ӕвзаджы сӕйраг функцитӕ иртасын; ирон ӕвзаджы паддзахадон нысаниуӕг цӕй мидӕг ис, ӕвзаг ӕмӕ адӕмы культурӕйы бастдзинад цы нысан кӕны, мадӕлон ӕвзаджы ахадындзинад адӕймаджы царды;

2) ирон æвзаджы наукон бындуртæ; ирон æвзагзонынады хæйттæ æмæ иуæгтæ, сæ бастдзинад;

3) лингвистикæйы бындурон æмбарынæдтæ: лингвистикæ æмæ йæ сæйраг хæйттæ; æвзаг æмæ ныхас, дзургæ æмæ фысгæ ныхас; монолог, диалог æмæ сæ хуызтæ; ныхасы уавæр; хуымæтæг ныхасы, наукон, публицистикон, официалон-хъуыддаджы стильтæ; аив литературæйы æвзаг, ныхасы функционалон хуызтæ (таурæгъон, æрфыстон, тæрхон), текст, текстты хуызтæ; æвзаджы сæйраг иуæгтæ, се 'ууæлтæ æмæ хицæндзинæдтæ, ныхасы мидæг сæ пайда кæнын;

4) ирон æвзаджы лексикæ æмæ фразеологийы нормæтæ зонын, ирон литературон æвзаджы нормæтæ (орфоэпион, лексикон, грамматикон, орфографион, пунктуацион) зонын, ныхасы этикетон нормæтæ зонын, раст сæ пайда кæнын;

5) æвзаджы сæйраг иуæгтæ æмæ грамматикон категоритæ зонын, иртасын сæ, ныхасы уавæртæм гæсгæ сæ раст пайда кæнын;

6) дзырды алыхуызон æвзæрстытæ (фонетикон, морфемикон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион) зонын, дзырдбаст æмæ хъуыдыйады синтаксисон æвзæрст, тексты иумæйаг æвзæрст кæнынмæ арæхсын;

7) лексикон æмæ грамматикон синонимтæ иртасын, хи ныхасы мидæг сæ пайда кæнын зонын;

8) мадæлон æвзаджы эстетикон функцитæ иртасын, аивадон литературон уацмысы текст æвзаргæйæ, ныхасы эстетикон ахуырст иртасын зонын.

***Скъоладзауты арæхстдзинæдтæ (компетенцитæ):***

*Коммуникативон компетенци* (арæхстдзинад) амоны, цæмæй скъоладзаутæ арæхсой ныхасы хуызтæй (дзургæ, фысгæ, хъусгæ) пайда кæнынмæ, ныхасы уавæртæм гæсгæ арæхсой сæ ныхас аразынмæ.

*Æвзагон æмæ лингвистикон арæхстдзинад (компетенци)* – зонын мадæлон æвзаджы наукон бындуртæ, ирон литературон æвзаджы нормæтæ; бакусын дзырдуат хъæздыг кæныныл, райсын грамматикон зонындзинæдтæ; æвзаджы иуæгтæн анализ кæнынмæ арæхсын, æвзаджы дзырдуæттæй пайда кæнын зонын.

*Культурæамонынады (культуроведческая) компетенци* – ирон æвзаг ирон адæмы культурæимæ зонгæ кæныны фæрæз кæй у, уый æнкъарын; æвзаджы бастдзинад истори æмæ адæмы культурæимæ зонын, ирон ныхасмы этикетон нормæтæ зонын, пайда кæнынмæ сæ арæхсын

Программæмæ гæсгæ, фыццаг хуызы арæхстдзинæдтæ (*коммуникативон арæхстдзинæдтæ)* скъоладзаутæм райрæздзысты, ныхасы рæзтыл бæлвырдæй чи

фæзыны, уыцы фарстатæ ахуыр кæнгæйæ. Уыдон сты: «Ныхас æмæ йæ хуызтæ», «Ныхасы архæйдтытæ», «Текст», «Æвзаджы функционалон хуызтæ».

*Æвзагон æмæ лингвистикон арæхстдзинæдтæ* райрæздзысты æвзаджы хæйттæ «Æвзаджы тыххæй иумæйаг зонындзинæдтæ», «Фонетикæ æмæ орфоэпи», «Графикæ», «Морфемикæ æмæ дзырдарæзт», «Лексикологи æмæ фразеологи», «Морфологи», «Синтаксис», «Ныхасы культурæ», «Растфыссынад: орфографи æмæ пунктуаци» ахуыр кæнгæйæ.

*Æвзаджы фæрцы адæмы культурæимæ базонгæ уæвынæн* æххуыс у программæйы хай «Æвзаг æмæ культурæ», кæцыйы фæрцы æргомгонд цæудзысты æвзаджы бастдзинæдтæ истори æмæ адæмы культурæимæ.

**8-æм къласы курсы** программæ баст у хуымæтæг хъуыдыйады хуызтæ æмæ пунктуациимæ, ома, синтаксисимæ, фæлæ æнæмæнгæй зæрдыл æрлæууын кæнын хъæуы, раздæр цы æрмæг ахуыр кодтой, уый. Синтаксис æнгом баст цæудзæн, раздæр цы зонындзинæдтæ райстой, уыдонимæ (зæгъæм, номдарты нымæц зрдыл æрлæууынц, уыдон ахуыргæнгæйæ, хъуыдыйады фæстæ æрхæцæн нысæнттæ зæрдыл æрлæууын кæнын хъæуы, хъуыдыйадтæ сæ загъды нысанмæ гæсгæ цавæртæ вæййынц, уый ахуыргæнгæйæ æ.а.д.). Синтаксис ахуыргæнгæйæ уæрæхдæргонд цæудзæн, скъоладзаутæ райдайæн скъолайы пунктуацийы æгъдæуттæй цы базыдтой, уыдон. Фæлæ уыцы куыст кæнгæйæ зынгæ бынат ахсы грамматикон æвзæрст.

Цæмæй скъоладзаутæ раст, æнæ рæдыдæй фыссын базоной, уый тыххæй пайда кæнын хъæуы, уыцы хъуыддаджы сæ ахадындзинад хуыздæр кæмæн уыдзæнис, ахæм фæлтæрæнтæй, æнæхъæн текстты, хицæн хъуыдыйæдтæй, стæй хицæн дзырдтæй дæр. Уыцы фæлтæрæнтæ хъуамæ æххуыс кæной скъоладзаутæн грамматикон æгъдауæй хуыздæр бамбарын æмæ базонынæн.

Æрхæцæн нысæнттæ раст æвæрын базоныны тыххæй скъоладзаутæн хъуамæ лæврд цæуа равзарынмæ алыхуызон хъуыдыйæдтæ. Хъуамæ сæ ахуыргæнæг сахуыр кæна, дзырдты хсæн цы бастдзинæдт ис, уыдон иртасы, вазыгджын хъуыдыйады мидæг хуымтæг хъуыдыйадты æхсæн бастдзинадтæ раргом кцнын. Скъоладзауты сахуыр кæнын хъæуы, цæмæй æнæ искæй æххуысæй зоной хъуыдыйад кæнæ дзырды фонетикон, морфологион, синтаксисон æмæ пунктуацион æвзрстытæ. Синтаксисыл кусгæйæ 8 –æм архайдзынæн тексты анализ фидар кæныныл.

**Сæйраг домæнтæ 8 къласы скъоладзауты зонындзинæдтæм.**

Скъоладзаутœ хъуамœ **зоной**, 8-æм къласы œвзагœй цы œрмœг сахуыр кодтой, уыдонœн сœ сœйрагдœр раиртœстытœ, орфографион œгъдœуттœ, зоной сœ дзуœппытœ бафидар кœнын хъœугœ дœнцœгттœй.

**Ахуыры азы кœронмœ арœхсой:**

-цы орфограммœтœ сахуыр кодтой, уыдон дзырдты агурын œмœ сœ œмбарын кœнынмœ;

-œрхœцœн нысœнттœ хъуыдыйадты раст œвœрын œмœ сœ бамбарын кœнынмœ;

-хуымœтœг иувœрсыг œмœ дывœрсыг хъуыдыйадтœ, хъуыдыйадтœ комкоммœ ныхасимœ синтаксисон œвзœрст кœнын;

-хуымœтœг иувœрсыг œмœ дывœрсыг хъуыдыйадтœ аразын;

- хъуыдыйадты œмхуызон œмœ иртœстгонд уœнгтœ, бавœргœ дзырдтœ œмœ хъуыдыйœдтœ, сидœнтœ кœм уа, ахœм вазыгджынгонд хуымœтœг хъуыдыйœдтœ аразын;

-ныхасы мидис œмœ стильтœм гœсгœ синтаксисон омонимтœй пайда кœнын

-вазыгджын пълан аразынмœ;

-нывœцœны темœйœ œрмœг œрœмбырд кœнын зонын, йœ темœ œмœ йын йœ сœйраг хъуыды хынцгœйœ;

-скъоладзаутœн сœхи фыст текстты œвзаджы аивдзинад бœстон кœнынмœ.

***8 къласы ирон œвзаджы программœйы мидис.***

***Ситаксис. Пунктуации.***

***Дзырдбаст.*** Дзырдбасты нысаниуæг. Дзырдбасты тыххæй 7-æм къласы рацыд æрмæг сфæлхат кæнын. Домгæбастдзинады хуызтæ ирон æвзаджы.

Домгæбастдзинады хуызтæ ирон æвзаджы: æмарæзт æмæ æфтыдад.

**Хуымæтæг хъуыдыйад.**

Хъуыдыйады тыххæй рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын. Дзырдты рæнхъæвæрд ирон æвзаджы . Лирикон цавд. Дзырдты рæнхъæвæрды синтаксисон æмæ стилистикон нысаниуæг

Дывæрсыг хъуыдыйад. Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. Сæйрат. Сæйраты арæзт.Сæйраты тыххæй рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.

Зæгъинаг. Зæгъинаджы тыххæй рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын. Хуымæтæг æмæ вазыгджын зæгъинæгтæ. Тире сæйрат æмæ зæгъинаджы æхсæн.

***Хъуыдыйады фœрссаг уœнгтœ.*** *фœрссаг уœнгты œмбарынад, сœ хуызтœ.* Фæрссаг уæнгты тыххæй рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.

Æххæстгæнæн. Æххæстгæнæны хуызтæ ирон æвзаджы. Æххæстгæнæджы нысаниуæг. Комкоммæ æмæ фæрссаг æххæстгæнæнтæ. Æххæстгæнæны бынат хъуыдыйады.

Бæрæггæнæн. Бæрæггæнæны нысаниуæг. Бæрæггæнæны бастдзинад бæрæггæнинаг дзырдимæ. Бæрæггæнæн бæрæггæнинаг дзырдтимæ иу цавдимæ кæсын зонын. Æмхасæн. Æмхасæн куыд бæрæггæнæны хицæн хуыз. Æрхæцæн нысанттæ æмхасæнимæ.

Фадатон дзырдтæ. Фадатон дзырдты нысаниуæг, сæ бастдзинад зæгъинагимæ. Афоны æмæ бынаты фадаты дзырдты нысаниуæг. Архайды хуызы фадат. Архайды хуыз æвдисæг фадатон дзырдтæ.

Æфсоны æмæ нысаны фадæттæ. Æфсоны æмæ нысан æвдисæг фадаты дзырдтæ. Фадатон дзырдты бастдзинад зæгъинагимæ, сæ бынат хъуыдыйады.

***Хуымæтæг иувæрсыг хъуыдыйæдтæ.*** Иувæрсыг хъуыдыйæдты нысаниуæг, сæ хуызтæ. Бæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйад Æбæлвырдцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйад. Æнæцæсгомон иувæрсыг хъуыдыйад. Номхуындон иувæрсыг хъуыдыйад. Номхуындон иувæрсыг хъуыдыйады арæзт, сæ сæйрагдæр нысан ныхасы мидæг.

***Æнæххæст хъуыдыйæдтæ***

Æххæст æмæ æнæххæст хъуыдыйæдты хицæндзинæдтæ. Æххæст хъуыдыйады арæзт. Æнæххæст хъуыдыйад æмæ иувæрсыг хъуыдыйæдты хицæндзинæдтæ. Æнæххæст хъуыдыйæдты хуызтæ. Тире æнæххæст хъуыдыйады. Æнæххæст хъуыдыйæдты контексты. Диалогон æнæххæст хъуыдыйæдтæ. Ныхасы уавæртæм гæсгæ сæвзæргæ æнæххæст хъуыдыйæдтæ. Тире æнæххæст хъуыдыйады æвæрыны æгъдæуттæ.

***Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ.*** Æмхуызон уæнгты тыххæй рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын. Æмхуызон æмæ алыхуызон бæрæггæнæнты æмбарынад, сæ хицæндзинæдтæ, хъæлæсы уагæй сæ хицæн кæнын. Æмхуызон уæнгты бастдзинад иугæнæг, ныхмæвæрды æмæ дихон бæттæгты фæрцы. Æмхуызон уæнгты бастдзинад хъæлæсы уагæй (иугæнæг, ныхмæвæрды æмæ дихгæнæг интонаци). Æмхуызон уæнгты иугæнæг дзырдтæ. Иугæнæг дзырды нысаниуæг, йæ бынат хъуыдыйады. Æрхæцæн нысæнттæ хъуыдыйады уæнгтимæ. Дыстъæлф æмæ тире хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ иугæнæг дзырдтимæ. Къæдзыг хъуыдыйады æмхуызон уæнгты 'хсæн.

***Сидæн. Сидæны нысаниуæг.*** Сидæны тыххæй рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.Цыбыргонд æмæ даргъгонд сидæнтæ. Сидæны бынат хъуыдыйады. Æрхæцæн нысæнттæ сидæнтимæ.

***Бавæргæ дзырдтæ. Бавæргæ хъуыдыйæдтæ.*** Бавæргæ дзырдтæ æмæ хъуыдыйæдты нысаниуæг, ныхасы мидæг сæ раст пайда кæнын. Æрхæцæн нысæнттæ бавæргæ дзырдтæ æмæ хъуыдыйæдтимæ,хъæлæсы уагæй сæ раст кæсын.

***Хъуыдыйæдтæ æвастхъæртимæ.*** Æвастхъæрты нысаниуæг хъуыдыйæды. Æрхæцæн нысæнттæ æвастхъæртимæ, дзургæ сæ хъæлæсы уагæй раст кæсын.

***Хъуыдыйæдтæ иртастгонд фæрссаг уæнгтимæ.*** Иртастгонддзинады æмбарынад. Иртæстгонддзинад синтаксисон синонимæй ивынмæ арæхсын. Иртæстгонд бæрæггæнæнтæ æмæ æмхасæнтæ. Иртæстгонд бæрæггæнæнтæ. Ныхасы мидæг сæ пайда кæнын, раст хъæлæсы уагæй сæ кæсын. Иртастгонд фадатон дзырдтæ. Ныхасы мидæг сæ пайда кæнын, раст хъæлæсы уагæй сæ кæсын. Æрхæцæн нысæнттæ иртæстгонд фадатон уæнгтимæ.

***Бæлвырдгæнæг иртæстгонд уæнгтæ.*** Хъуыды бæлвырдгæнæг дзырдтæ. Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы сæ раст пайда кæнын, интонаци æмæ сæ æрхæцæн нысæнттæй раст хицæн кæнын.

***Комкоммæ æмæ фæрссаг ныхас***. Комкоммæ ныхасы тыххæй рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын. Комкоммæ ныхас аразынæл фæлтæрын. Фæрссаг ныхас. Комкоммæ ныхасæй фæрссаг ныхас саразын. Фæрссаг ныхасы аразыны грамматикон фæрæзтæ. Фæрссаг ныхас аразыныл фæлтæрын. Æрхæцæн нысæнттæ комкоммæ ныхасимæ.

***Цитатæ.*** Æрхæцæн нысæнттæ цитатæимæ.

**Ахуыры рæстæджы пайдагонд цæудзысты** репродуктивон и продуктивон ахуыры методтæ:

- информацион технологи;
- цæстуынгæ æрмæг,
- ИКТ,
- уацмыстæм иллюстраци,
- амонæн литература.

**Æрмæг куыд æмбæрстгонд æрцыд, уый сбæрæг гæнæны хуызтæ:***тест саразын; фысгæ, дзургæ дзуæппытæ; нывæцæн, изложении.*

***Контролы формæтæ***

- индивидуалон
- къордæй
- фронталон

***Контролы хуызтæ***

- развæлгъау
- æрвылбон
- тематикон
- контролон

**Урочыты хуызтæ:**

- урок-ног æрмæг амынд
- урок-практикон куыст
- уроки-хъазт
- компьютерон уроки
- урок -къодты куысты формæ
- ныхасы рæзты куыст
- интеграцигон урок

**Технологитæ:**

- традицион технологи;
- архайды технологитæ;
- иннæ предметты бастдзинадимæ

**Къæлиндарон-тематикон пълан ирон æвзаджы курсæн 8-æм къласы**

| № | Сæргонд | Сахат | Бон | Урочы темæ | Фæстиуджытæ |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | 5-7-æм кълæсты цы æрмæг ахуыр кодтой, уый зæрдыл æрлæууын кæнын. | 1 | 05.09.2023 | Хъуыдыйад. | ***Зонын:*** хъуыдыйады сæйраг æууæлтæ æмæ миниуджытæ; иртасын хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйад æмæ хъуыдыйады хуызтæ. |
| 2. | | 1 | 07.09.2023 | Хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйад. | |
| 3. | | 1 | 12.09.2023 | Хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйад. | |
| 4. | | 1 | 14.09.2023 | Хъуыдыйæдты хуызтæ загъды нысан æмæ интонацимæ гæсгæ. | |
| 5. | | 1 | 19.09.2023 | Хъуыдыйæдты хуызтæ загъды нысан æмæ интонацимæ гæсгæ. | |
| 6. | **К/К** | 1 | 21.09.2023 | **Бацæуæн контролон диктант грамматикон хæстимæ.** | ***Арæхсын:*** текст фыссын æмæ грамматикон хæстæ æххæст кæнын |
| 7. | Дзырдбаст. | 1 | 26.09.2023 | Дзырдбаст æмæ хъуыдыйад. | ***Арæхсын:*** дзырдбаст аразын, синонимон дзырдбæстытæй ныхасы мидæг пайда кæнын. |
| 8. | | 1 | 28.09.2023 | Дзырдбасты хуызтæ. Æмбаст. Æмарæзт. Æфтыдад. | |
| 9. | Хуымæтæг хъуыдыйад. Дыууæ сæйраг уæнгæй арæзт хуымæтæг хъуыдыйад. Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. | 1 | 03.10.2023 | Сæйрат æмæ зæгъинаг. Хуымæтæг цыбыр æмæ хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдтæ. | ***Зонын:*** хуымæтæг хъуыдыйады сæйраг хицæндзинæдтæ, дыууæ сæйраг уæнгæй арæзт хъуыдыйад æвзарын; тире æвæрыны æгъдæуттæ вазыгджын зæгъинаджы. |
| 10. | | 1 | 05.10.2023 | Сæйраты арæзт. | |
| 11. | | 1 | 10.10.2023 | Зæгъинаджы арæзт. Хуымæтæг æмæ вазыгджын зæгъинæгтæ. | |
| 12. | | 1 | 12.10.2023 | Тире вазыгджын зæгъинаджы. | |
| 13. | | 1 | 17.10.2023 | Тире вазыгджын зæгъинаджы. | |
| 14. | | 1 | 19.10.2023 | Зæгъинаджы бастдзинад сæйратимæ. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 15. | **С/К** | 1 | 24.10.2023 | **Изложени. (Таурæгъон текстмæ æрфысты элементтæ бахæссын).** | ***Арæхсын:*** текст фыссын æмæ грамматикон хæстæ æххæст кæнын. |
| 16. | Хуымæтæг хъуыдыйад. Дыууæ сæйраг уæнгæй арæзт хуымæтæг хъуыдыйад. Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ. | 1 | 26.10.2023 | Æххæстгæнæн. | ***Зонын:*** комкоммæ æмæ фæрссаг æххæстгæнæнтæ хицæн кæнын. Æххæстгæнæны бынат хъуыдыйады. Бæрæггæнæн бæрæггæнинаг дзырдтимæ иу цавдимæ кæсын зонын. Æрхæцæн нысæнттæ æмхасæнимæ. Ныхасы мидæг фадатон дзырдтæй пайда кæнын. Хъуыдыйад синтаксисон æвзæрст кæнын. |
| 17. | | 1 | | Бæрæггæнæн. | |
| 18 | | 1 | | Æмхасæн. | |
| 19. | | 1 | | Æмхасæн. | |
| 20. | | 1 | | Фадатон дзырдтæ. | |
| 21. | | 1 | | Афоны фадат. | |
| 22. | | 1 | | Бынаты фадат. | |
| 23. | | 1 | | Архайды хуызы фадат. | |
| 24. | | 1 | | Æфсоны фадат. | |
| 25. | | 1 | | Нысаны фадат. | |
| 26. | | 1 | | Фадатон дзырдты бастдзинад зæгъинагимæ. | |
| 27. | | 1 | | Дзырдты рæнхъæвæрд хуымæтæг хъуыдыйады. | |
| 28. | **К/К** | 1 | | **Тест.** | ***Арæхсын:*** грамматикон хæстæ æххæст кæнын. |
| 29. | Иу сæйраг уæнгæй арæзт хуымæтæг хъуыдыйад (иувæрсыг хъуыдыйæдтæ). | 1 | | Иувæрсыг хъуыдыйæдты дыууæ къорды. | ***Зонын:*** иувæрсыг хъуыдыйады æмбарынад æмæ йæ æууæлтæ æмæ, цы дыууæ къорды аразынц, уый. |
| 30. | Иувæрсыг хъуыдыйæдтæ зæгъинагимæ. | 1 | | Бæлвырдцæсгомон хъуыдыйæдтæ. | ***Зонын:*** иувæрсыг хъуыдыйады æмбарынад, йæ миниуджытæ, йæ хицæндзнæдтæ, стæй йæ хуызтæ зæгъинагимæ. |
| 31. | | 1 | | Бæлвырдцæсгомон хъуыдыйæдтæ. | |
| 32. | | 1 | | Æбæлвырдцæсгомон хъуыдыйæдтæ. | |
| 33. | | 1 | | Æбæлвырдцæсгомон хъуыдыйæдтæ. | |
| 34. | | 1 | | Æнæцæсгомон хъуыдыйæдтæ. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 35. | **К/К** | 1 | | **Афæдзы æмбисы административон контролон диктант.** | |
| 36. | Иувæрсыг хъуыдыйæдтæ сæйратимæ. | 1 | | Номхуындон хъуыдыйæдтæ. | ***Зонын:*** иувæрсыг хъуыдыйæдты хуызтæ сæйратимæ. |
| 37. | | 1 | | Номхуындон хъуыдыйæдтæ. | |
| 38. | Æххæст æмæ æнæххæст хъуыдыйæдтæ. | 1 | | Цы хонæм æххæст æмæ æнæххæст хъуыдыйæдтæ. | ***Арæхсын:*** диалогон æнæххæст хъуыдыйæдтæ аразын. |
| 39. | **К/К** | 1 | | **Тест.** | Ахуырадон архайды къухы цы бафтыд / нæ бафтыд, уый бæрæг кæнын. |
| 40. | Хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ. | 1 | | Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ. | ***Арæхсын:*** æмхуызон æмæ алыхуызон бæрæггæнæнты æмбарынад, сæ хицæндзинæдтæ, хъæлæсы уагæй сæ хицæн кæнын.<br><br>Дыстъæлф æмæ тире æвæрын хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ иугæнæг дзырдтимæ. |
| 41. | | 1 | | Æмхуызон æмæ алыхуызон бæрæггæнæнтæ. | |
| 42. | | 1 | | Æмхуызон æмæ алыхуызон бæрæггæнæнтæ. | |
| 43. | | 1 | | Бæттæгтæ хъуыдыйады æмхуызон уæнгтимæ. | |
| 44. | | 1 | | Бæттæгтæ хъуыдыйады æмхуызон уæнгтимæ. | |
| 45. | | 1 | | Æмхуызон уæнгты иугæнæг дзырдтæ. | |
| 46. | | 1 | | Æмхуызон уæнгты иугæнæг дзырдтæ. | |
| 47. | **К/К** | 1 | | **Рацыд æрмæгæй контролон диктант граматикон хæстимæ.** | ***Арæхсын:*** текст фыссын æмæ грамматикон хæстæ æххæст кæнын. |
| 48. | Хъуыдыйæдтæ сидæнтæ æмæ бавæргæ дзырдтимæ. | 1 | | Сидæн. | ***Арæхсын:*** Цыбыргонд æмæ даргъгонд сидæнтæ. Сидæны бынат хъуыдыйады. Æрхæцæн нысæнттæ сидæнтимæ. Бавæргæ дзырдтæ æмæ хъуыдыйæдтæй раст пайда кæнын. |
| 49. | | 1 | | Бавæргæ дзырдтæ æмæ хъуыдыйæдтæ. | |
| 50. | | 1 | | Бавæргæ дзырдтæ æмæ хъуыдыйæдтæ. | |
| 51. | | 1 | | Бавæргæ дзырдтæ æмæ хъуыдыйæдтæ. | ***Арæхсын:*** текст фыссын æмæ грамматикон хæстæ æххæст кæнын |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 52. | Хъуыдыйады иртæстгонд фæрссаг уæнгтæ. | 1 | | Цы хонæм иртæстгонд уæнгтæ. | ***Зонын:*** Иртæстгонддзинады æмбарынад. ***Арæхсын:*** Иртæстгонд бæрæггæнæнтæ. Ныхасы мидæг сæ пайда кæнын, раст хъæлæсы уагæй сæ кæсын. |
| 53. | | 1 | | Иртæстгонд фадатон дзырдтæ. | |
| 54. | | 1 | | Иртæстгонд фадатон дзырдтæ. | |
| 55. | **С/К** | 1 | | **Изложени.** | Ахуырадон архайды къухы цы бафтыд / нæ бафтыд, уый бæрæг кæнын |
| 56. | Комкоммæ ныхас æмæ фæрссаг ныхас. | 1 | | Цы хонæм комкоммæ æмæ фæрссаг ныхас. | ***Арæхсын:*** Комкоммæ ныхас аразынып фæлтæрын. Фæрссаг ныхас аразынып фæлтæрын. |
| 57. | | 1 | | Æрхæцæн нысæнттæ комкоммæ æмæ фæрссаг ныхасы. | |
| 58. | | 1 | | Æрхæцæн нысæнттæ комкоммæ æмæ фæрссаг ныхасы. | |
| 59. | | 1 | | Диалог. | |
| 60. | | 1 | | Цитатæ. | |
| 61. | **К/К** | 1 | | **Тест.** | Ахуырадон архайды къухы цы бафтыд / нæ бафтыд, уый бæрæг кæнын |
| 62. | 8-æм къласы цы æрмæг ахуыр кодтой, уый зæрдыл æрлæууын кæнын. | 1 | | Дзырдбаст æмæ хуымæтæг хъуыдыйад. Хуымæтæг хъуыдыйады хуызтæ. | ***Арæхсын:*** рацыд орфограммæтæ æмæ пунктограммæты зонындзинæдтæ иу уагмæ кæнын. Ахуырадон архайды къухы цы бафтыд/ нæ бафтыд, уый бæрæг кæнын |
| 63. | | 1 | | Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ. Иугæнæг дзырдтæ. | |
| 64. | | 1 | | Хъуыдыйады иртæстгонд уæнтæ. | |
| 65. | **К/К** | 1 | | **Афæдзы кæрон рацыд æрмæгæй контролон диктант.** | ***Арæхсын:*** текст фыссын æмæ грамматикон хæстæ æххæст кæнын. |
| 66. | | 1 | | Рæдыдтыл куыст. | Ахуырадон архайды къухы цы бафтыд / нæ бафтыд, уый бæрæг кæнын |
| 67. | **Н/К** | 1 | | **Нывæцæн хæрзæгъдаудзинады тыххæй** (текст-хъуыды, тæрхæттæ). | ***Арæхсын:*** алыхуызон синтаксисон конституцитæй пайда кæнын зонын. |
| 68. | | 1 | | Рæдыдтыл куыст. | Ахуырадон архайды къухы цы бафтыд / нæ бафтыд, уый бæрæг кæнын |

**Тематикон пълан ирон æвзаджы курсæн 8-æм къласы**

| № п/п | Темæ | Сахæт-ты нымæц | К/к нымæц | Контролон куыстытæ | | Ныхасы райрæзт | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Диктант | Тест | Изложени | Нывæцæн |
| 1. | 5-7-æм кълæсты цы æрмæг ахуыр кодтой, уый зæрдыл æрлæууын кæнын | 5 | | | | | |
| 2. | Бацæуæн контролон диктант грамматикон хæстимæ. | 1 | | | | | |
| 3. | Дзырдбаст | 2 | | | | | |
| 4. | Хуымæтæг хъуыдыйад. Дыууæ сæйраг уæнгæй арæзт хуымæтæг хъуыдыйад. Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. | 6 | | | | 1 | |
| 5. | Хуымæтæг хъуыдыйад. Дыууæ сæйраг уæнæгй арæзт хуымæтæг хъуыдыйад. Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ. | 12 | | | 1 | | |
| 6. | Иу сæйраг уæнгæй арæзт хуымæтæг хъуыдыйад (иувæрсыг хъуыдыйæдтæ) | 1 | | | | | |
| 7. | Иувæрсыг хъуыдыйæдтæ зæгъинагимæ | 5 | | | | | |
| 8. | Афæдзы æмбисы административон контролон диктант. | 1 | | | | | |
| 9. | Иувæрсыг хъуыдыйæдтæ сæйратимæ | 2 | | | | | |
| 10. | Æххæст æмæ æнæххæст хъуыдыйæдтæ | 1 | | | 1 | | |
| 11. | Хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ | 7 | | 1 | | | |
| 12. | Хъуыдыйæдтæ сидæнтæ æмæ бавæргæ дзырдтимæ | 4 | | | | | |
| 13. | Хъуыдыйады иртæстгонд фæрссаг уæнгтæ | 3 | | | | 1 | |
| 14. | Комкоммæ ныхас æмæ фæрссаг ныхас | 5 | | | 1 | | |
| 15. | 8-æм къласы цы æрмæг ахуыр кодтой, уый зæрдыл æрлæууын кæнын | 3 | | | | | |
| 16. | Афæдзы кæрон рацыд æрмæгæй контролон диктант | 1 | | | | | |
| 17. | Рæдыдтытыл куыст | 1 | | | | | 1 |
| 18. | Рæдыдтытыл куыст | 1 | | | | | |